



OUVRIYE BOSTON YO, KONNEN DWA NOU NAN CHALÈ A!

Òdonans Vil Boston pou Pwoteje Ouvriye yo kont Maladi ak Domaj Chalè a bay pwoteksyon sekirite pou anplwaye k ap travay pou kontraktiyèl sou kontra Vil Boston yo nan kategori sa yo:

- Travay konstriksyon piblik ak batiman
- Amenajman peyizaj, sèvis nan pyebwa yo, netwayaj ak razaj gazon, ak mentnans pwopriyete deyò yo
- Sèvis sekirite pou deyò, ansanm avèk sinyal yo
- Sèvis demenajman yo
- Ranmasaj ak transpò fatra ak pwodui ki ka resikle yo

KISA SA VLE DI POU OU?

Si w ap travay pou yon anplwayè sou yon kontra avèk Vil Boston nan youn nan kategori sa yo, anplwayè w la dwe prepare epi mete annèw yon Plan Prevansyon Maladi Chalè (HIPP). Yon HIPP se yon plan ekri ki detaye fòmasyon anplwaye a, aksè nan dlo, repo ak lonbraj, aklimatizasyon (tan pou adapte avèk travay nan chalè), ak pwosedi ijans pou anpeche maladi ak domaj nan chalè.

Plan Prevansyon Maladi Chalè a dwe disponib nan yon lang ou konprann.

KILÈ PWOTEKSYON KONT CHALÈ YO APLIKE?

Pwoteksyon debaz kont chalè ki defini nan Plan Prevansyon Maladi Chalè anplwayè w la dwe aplike nenpòt lè endèks chalè Sèvis Meteyowoloji Nasyonal la atenn 80°F (deklanchè inisyal), epi pwoteksyon siplemantè ki defini nan HIPP anplwayè w la dwe aplike lè endèks chalè Sèvis Meteyowoloji Nasyonal la atenn 90°F (deklanchè chalè ki wo).

KONTAK

Si ou kwè ou p ap resevwa pwoteksyon ou ta dwe resevwa a anba Òdonans pou Pwoteje Ouvriye yo kont Maladi ak Domaj Chalè a, kontakte Biwo pou Konfòmite nan Travay ak Pwoteksyon Ouvriye yo nan **617-918-5248** oswa **workers@boston.gov**.

Aprann plis apwopo Òdonans pou Pwoteje Ouvriye yo kont Maladi ak Domaj Chalè a sou **[boston.gov/heat-protections](https://www.boston.gov/heat-protections)**.

